



Pou Piblikasyon Imedya: 03/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE NOUYÒKÈ YO POU YO PRIDAN PLISKE GWO LAPLI
MENASE LAKOZ INONDASYON, VWAYAJ DANJERE AK BLAKAWOUT NAN
REJYON SID ETA, REJYON LWÈS NY AK NAN SOUTHERN TIER**

Yo prevwa 2-3 pou lapli anplis jodi a jiska jedi maten

Inondasyon yo prevwa toupre zòn kotyè yo enkli bòdmè yo, rivaj yo ak bò rivyè, riso, kouran dlo, ak lòt zòn ki gen tandans sibi inondasyon

Van 40-56 KMH toupatou ak rafal van jiska 97 KMH ta ka lakòz blakawout ak vwayaj danjere

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare pou move tan danjere, kondisyon vwayaj danjere ak potansyèl blakawout, paske yo prevwa yon tanpèt ki dire lontan pral afekte eta a ak peryòd lapli jiska vandredi pou kèk zòn nan Lwès New York, Southern Tier, Rejyon Mid-Hudson, ak Vil New York ak Long Island.

"Ekip repons pou ijans mwen an te fèk enfòme m pandan n ap kontinye kontwole ak anpil atansyon sistèm tanpèt la ki prevwa pote gwo lapli ak van vyolan nan kèk pati nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Li enpòtan pou Nouyòkè yo kontwole previzyon lokal yo epi pran bonjan prekosyon paske move tan an kapab kreye kondisyon vwayaj danjere, inondasyon ak blakawout."

Yo prevwa yon lòt 2-3 pou lapli jodi a jiska jedi maten ak yon peryòd lapli ki pi wo pase yon demi-pous pou chak èdtan posib aswè a ak bonè aswè a. Zòn kotyè yo toupre bòdmè ak rivaj yo, tankou wout, pakin, pak, gazon, ak kay ak biznis ki gen sousòl toupre bòdmè a gen risk pou yo sibi inondasyon. Yo prevwa ke inondasyon yo pwolonje tou anndan tè a depi bòdmè a sou rivyè ak bè yo, ansanm ak nenpòt rivyè, riso, kouran dlo, oswa zòn iben, zòn ki ba, ak lòt zòn ki gen tandans sibi inondasyon. Gen anpil chans pou gen fèmti wout, epi machin ki estasyone nan zòn vilnerab yo toupre bòdmè a pral gen anpil chans inonde.

Nan zòn sid eta yo, yo prevwa van 40 a 56 kilomèt alè ak rafal ki rive jiska 97 kilomèt alè, sa ki kapab detwi pye bwa ak liy kouran elektrik yo, epi lakòz blakawout toupatou. Vwayaj pral difisil, espesyalman pou machin ki wo, kidonk pran prekosyon si ou dwe kondwi.

Siveyans Inondasyon yo kontinye pou anpil rejyon Lwès NY ak Southern Tier kote lapli total ki rive jiska twa pou posib anvan tranzisyon presipitasyon an nèj oswa yon melanj ivènal. Yo te pibliye Avètisman ak Avi Inondasyon nan zòn kotyè pou Vil New York ak zòn Long Island yo, ansam ak zòn sid Konte Westchester, pou jiska twa pye inondasyon pi wo nivo tè a nan zòn vilnerab yo tou pre bòdmè yo pandan sik mare montant yo apremidi ak aswè a, ak byen bonè jedi maten. Yo te pibliye yon Avètisman pou Inondasyon tou pou inondasyon kotyè nan Hudson nan konte Orange, Putnam, Rockland, ak Westchester, epi yon Avètisman pou Gwo Van an ki vigè pou rejyon Mid-Hudson, Vil New York City ak Long Island jiska jedi maten.

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans lè yo abone nan Alèt NY nan <https://alert.ny.gov>, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasional (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Aktivite Ajans Ian

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan Eta New York

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) Divizyon an an kontak ak tokay lokal yo epi yo prepare pou fasilité demann pou asistans. Rezèv Eta a gen anplwaye epi ki pare pou deplwaye resous pou repons pou ijans ak pwovizyon abri jan sa nesesè.

Depatman Transpò Eta New York

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a ap kontwole kondisyon yo epi reponn ak evènman ki gen plizyè danje sa a avèk plis pase 3,730 sipèvizè ak operatè yo. Tout anplwaye sou teren yo disponib pou angaje konplètman epi entèvni. Yo ka konfigire anplwaye yo nan nenpòt ki kalite ekipaj repons ki nesesè, enkli entèvansyon kont inondasyon, dechiktez, chajman ak transpò, vidaj egou, koup ak lans, siyal sikilasyon, elatriye). Ekip yo kontinye tcheke ak netwaye estrikti drenaj yo pou asire yo pa gen debri ak bouche. Kamyon yo pral patwouye wout eta yo ak ekipaj yo pral siveye ak anpil atansyon zòn kotyè yo ki gen tandans sibi inondasyon, espesyalman pandan mare montant yo. Tout rezidans nan kote ki afekte yo pral gen anplwaye pou yo ka fonksyone 24/24, 7/7 ak operatè, sipèvizè, ak mekanisyen pandan tout tan evènman an ak operasyon netwayaj priorité yo.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,597 gwo kamyon abèn baskil
- 340 gwo chajè
- 85 ekskavatris sou ray ak sou kawotchou
- 82 dechiktèz
- 34 ponp dlo
- 19 aparèy pou fè nivèlman

- 13 kamyon aspiratè ak jè egou
- 13 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl
- 7 jè egou sou remokè

Yo pral re-evalye bezwen pou plis deplwaman oswa resous jan kondisyon yo mande pandan tout dire evènman an.

Pou jwenn enfòmasyon sou sikilasyon antan reyèl, otomobilis yo dwe rele 511 ouben vizite sitwèb <https://www.511ny.org>, sous enfòmasyon sou vwayaj ak sikilasyon ofisyèl Eta New York la.

Otorite Thruway

Otorite Thruway gen 699 operatè ak sipèvizè prepare pou reponn nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak van, inondasyon oswa move tan atravè eta a ak ti kamyon chasnèj/a bèn, ekskavatè tay mwayen, gwo chajè, kamyon vakyòm, ponp pòtatif, tronsonez, dechiktez a bwòs ak lòt ekipman.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la. Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, ansam avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSAlert](#) epi swiv [@ThruwayTraffic](#) sou X pou dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway la.

Depatman Sèvis Biblik

Konpayi sèvis biblik yo ki reglemante pa Depatman Sèvis Biblik (Department of Public Service, PPS) la gen apeprè 7,200 travayè ki disponib nan tout eta a pou angaje yo nan efò reparasyon ak restorasyon akoz sistèm metewolojik prentan mitan semèn nan. Sa gen ladann resous ekstèn ki annapre yo te jwenn pa sèvis biblik yo pou ede ak efò reparasyon ak restorasyon yo:

- 830 travayè liy ekstèn ki garanti pa Avangrid (NYSEG/RG&E)
- 500 travayè liy ekstèn ki garanti pa National Grid
- 50 travayè liy ekstèn ki garanti pa Central Hudson
- 300 travayè liy ekstèn ki garanti pa Con Edison ak Orange & Rockland

Pèsonèl DPS la pral swiv travay sèvis biblik yo pandan tout evènman an epi asire konpayi sèvis biblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo. Si yo sispann sèvis ou a, vizite [sit entènèt](#) Entèripsyon Sèvis Biblik DPS la pou jwenn konsèy.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a ap kontinye kontwole kondisyon metewolojik yo epi l ap deplwaye twoup adisyonèl nan zòn ki afekte yo jan sa nesesè. Tout machin katpakan ak vezikil

espesyalize Lapolis Eta a yo, tankou motonèj, idwoglisè, ak veyikil itilitè tou tèren yo estasyone epi ekipman ki nesesè yo pare pou entèvansyon imeda jan sa nesesè. Yo teste tout ekipman elektrik ak komunikasyon pou ijans yo epi y ap fonksyone nan fason ki apwopriye.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York Ia

Anplwaye Jesyon Ijans DEC, Ofisyè Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal, Gad Forè yo ak anplwaye reyjonal yo an alèt epi yo ap siveye sitiyasyon ki ap devlope a ak previzyon metewo yo. DEC ap kowòdone deplwaman resous ak patnè ajans yo epi li deplase tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip sekouris nan gwo dlo ak moun k ap siye, nan zòn sible yo nan kad preparasyon pou enpak potansyèl akòz gwo lapli, gwo van, ak potansyèl inondasyon kotyè.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) nan Eta New York

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak enpak yo. Yo ap alimante, teste epi prepare ekipman pou repons, pou fè entèvansyon nan ka tanpèt. Vizitè pak yo dwe vizite <https://parks.ny.gov/>, tcheke aplikasyon mobil gratis [NY State Parks Explorer](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Otorite Transpò Metwopoliten

Dapre previzyon gwo van aktyèl yo, Pon ak Tinèl MTA te entèdi traktè-trelè ak kamyon tandem ki vid yo sou sèt pon li yo jiska 10:00 aswè a. Yo fèmen pasaj pyeton yo tou ki sou Cross Bay Veterans Memorial Bridge ak Marine Parkway-Gil Hodges Memorial Bridge pandan tan sa a.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an ap siveye kondisyon meteyowolojik yo deprè pou asire sèvis san danje ak fyab. Anplwaye MTA yo ap pare pou entèvni kont tout pwoblèm ki lye ak kondisyon meteyo yo, enkli retire tout pye bwa ki ta ka tonbe sou wout yo. Yo ankouraje kliyan yo tcheke <https://new.mta.info> pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA ak aplikasyon TrainTime lan.

Otorite Pòtyè

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo nan tout etablisman li yo. Nan ka ta gen kondisyon metewolojik grav, ajans lan ap bay alèt vwayaj regilye ak mizajou jan sa nesesè atravè alèt imèl etablisman yo ak sou medya sosyal. Pou dènye enfòmasyon yo sou enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [Alèt PA yo](#) oswa telechaje youn nan [aplikasyon mobil PA yo](#), ki enkli RidePATH ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

Konsèy Sekirite nan Ka Siklòn Grav pou Nouyòkè yo

Tout Nouyòkè ta dwe konnen kijan pou yo rete okouran de move tan yo epi resevwa alèt alè ki fè yo konnen sa yo dwe fè pou yo rete an sekirite, enkli evakyasyon. Pi bon fason pou resevwa alèt metewolojik alè se lè w enskri nan NY-Alert yon sèvis gratis ki bay alèt sou move tan ak lòt alèt ki gen rapò ak ijans yo.

Pran mezi sa yo pou asire ou menm ak pwòch ou yo pwoteje:

- Devlope yon plan pou katastwòf nan kay la epi konnen kijan pou kontakte manm fanmi an toutan. Idantifye yon zanmi oswa yon manm fanmi ki andeyò vil la ki dwe "kontak fanmi an nan ka ijans" epi asire w ke tout manm fanmi yo gen enfòmasyon kontak la.
- Deziyen yon pwen pou reyini an ijans - yon kote abityè kote fanmi an ka rankontre si yo pa ka jwenn aksè ak rezidans lan.
- Konnen risk siklòn ak tanpèt ki genyen nan kominate w la.
- Si w abite toupre zòn kotyè yo, enfòme w sou istwa vag tanpèt zòn ou an ak siyal avètisman ak plan evakyasyon kominate w la, ki gen ladan wout ki an sekirite alentery tè yo ak kote abri ofisyèl yo ye.
- Konnen ki kote pou deplase bét kay yo pandan yon tanpèt - pifò abri yo pa pral pèmèt bét kay.

Metee founiti sa yo pare:

- Ase manje ki pap gate ak rezèv dlo pou 10 jou.
- Radyo ak flach ki fonksyone ak pil ak yon kantite pil.
- Yon bwat premye swen ak rezèv medikaman.
- Dokiman epòtan yo: Règleman asirans, dosye medikal, nimewo kont labank, kat Sekirite Sosyal, elatriye nan yon resipyen ki enpèmeyab.
- Lajan kach, chekye, kat kredi ak kat ATM.
- Yon lis kontak pou ijans moun ak òganizasyon ke yo ka bezwen rele: kontak lekòl, doktè, founisè, ak kontak asirans.

Pran mezi prevansyon sa yo:

- Achte api sere materyèl, tankou playwoud, ki nesesè pou sekirize kay ou kòrèkteman
- Repare goutyè ak kolòn ki lach oubyen ki bouche yo.
- Sekirize oswa pote andedan mèb ki sou gazon ak lòt objè ki lach, ki lejè tankou poubèl ak zouti jadinye yo ki ka vin tounen pwojektil nan gwo van. Epitou koupe branch bwa ki mouri nan gwo oswa nan ti pye bwa yo.
- Revize règleman asirans pou detèmine limit kouvèti asirans lan anvan yon tanpèt frape.
- Detèmine ki kote pou deplase bato yo nan yon ijans.
- Ou dwe okouran de kondisyon metewolojik lokal yo lè w koute emisyon Sèvis Metewolojik Nasional la sou Radyo Meteyo NOAA ak rapò ki soti nan estasyon televizyon ak radyo lokal yo.
- Konnen kijan pou fèmen kouran, chalè ak dlo lakay ou.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov

Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)